



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

*50,264 Dòz Vaksen yo Bay Pandan 24 Èdtan ki Sot Pase yo*

### *COVID-19 lakoz 27 Lanmò nan Tout Eta a Yè*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pandan varyant Delta a ap fè wout li nan kominote yo atravè peyi a, li enpòtan pou nou kontinye fè tout sa nou kapab pou kenbe youn lòt an sekirite kont viris COVID la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Metè mask epi, s ou poko fè sa, pran vaksen w lan osito ou kapab. Vaksen an se pi bon fason pou pwoteje tèt nou ak moun nou renmen yo".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 149,124
- **Total Pozitif** - 4,246
- **Pousantaj Pozitif** - 2.85%
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 3.29%
- **Kantite Pasyan Ki Entènè Lopital** - 2,148 (-103)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entènè** - 258
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 445 (-20)
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 222 (+2)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 192,453 (+342)
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 27
- **Kantite lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 43,533

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante (Health Electronic Response Data System, HERDS) a se yon sous done NYS DOH ki kolekte done sou lanmò chak jou ki konfime jan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen pou granmoun sèlman yo rapòte sa.

- **Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile** - 55,453

Done chak jou sa yo sou sètifika lanmò pwovizwa COVID-19 la ke NYS DOH ak NYC rapòte bay CDC gen ladan sila yo ki mouri nan nenpòt lokal, sa gen ladan lopital, mezon retrèt, etablisman swen pou granmoun, adomisil, nan ospis ak nan lòt anviwònman.

- **Total dòz vaksen yo administre** - 23,583,419

- Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 50,264
- Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 350,426
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 76.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 69.7%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 79.4%
- Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 71.4%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 64.7%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 58.3%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 67.0%
- Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 59.8%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Jedi 26 out 2021	Vandredi 27 out 2021	Samdi 28 out 2021
Capital Region	4.63%	4.51%	4.56%
Central New York	4.79%	4.41%	4.13%
Finger Lakes	4.50%	4.40%	4.44%
Long Island	4.17%	4.30%	4.31%
Mid-Hudson	3.60%	3.62%	3.67%
Mohawk Valley	4.43%	4.42%	4.61%
New York City	2.55%	2.58%	2.53%
North Country	4.09%	4.52%	4.52%
Southern Tier	3.55%	3.57%	3.54%
Western New York	4.16%	4.13%	4.04%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>3.30%</b>	<b>3.32%</b>	<b>3.29%</b>

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Minisipalite nan NYC	Jedi 26 out 2021	Vandredi 27 out 2021	Samdi 28 out 2021
Bronx	2.94%	2.98%	2.97%
Kings	2.66%	2.69%	2.62%
New York	2.03%	2.06%	1.97%
Queens	2.51%	2.47%	2.46%
Richmond	3.24%	3.35%	3.37%

Yè, te gen 4,246 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 2,252,752. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	26,732	73
Allegany	3,703	11
Broome	19,937	56
Cattaraugus	6,095	12
Cayuga	7,071	25
Chautauqua	9,617	23
Chemung	8,250	17
Chenango	3,860	11
Clinton	5,065	14
Columbia	4,348	8
Cortland	4,322	8
Delaware	2,655	7
Dutchess	31,884	79
Erie	94,277	137
Essex	1,772	7
Franklin	2,877	22
Fulton	4,832	27
Genesee	5,697	12
Greene	3,670	14
Hamilton	358	0
Herkimer	5,567	14
Jefferson	6,629	18
Lewis	2,955	6
Livingston	4,785	18
Madison	4,892	6
Monroe	73,933	183
Montgomery	4,645	17
Nassau	197,786	327
Niagara	20,973	36
NYC	1,014,538	1,626
Oneida	23,943	43
Onondaga	42,182	79
Ontario	7,906	14
Orange	51,953	156
Orleans	3,307	12
Oswego	8,421	16
Otsego	3,806	11
Putnam	11,300	17
Rensselaer	12,315	37
Rockland	49,138	48

Saratoga	17,139	39
Schenectady	14,380	31
Schoharie	1,879	7
Schuyler	1,139	0
Seneca	2,165	6
St. Lawrence	7,442	48
Steuben	7,384	29
Suffolk	215,876	467
Sullivan	7,290	17
Tioga	4,077	10
Tompkins	5,072	92
Ulster	15,237	40
Warren	4,177	11
Washington	3,440	6
Wayne	6,304	23
Westchester	136,818	169
Wyoming	3,696	3
Yates	1,241	1

Yè, genyen 27 Nouyòkè ki mouri akòz COVID-19, sa ki fè total la vin 43,533. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

<b>Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo Lanmò yo</b>
Albany	3
Bronx	1
Cayuga	1
Erie	3
Kings	2
Manhattan	1
Montgomery	1
Nassau	4
Ontario	1
Orange	2
Schuyler	1
Suffolk	4
Ulster	1
Westchester	2

Tout sit vaksinyasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinyasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yè, 27,866 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 23,810 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejyon yo prezante konsa:

Rejyon	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo
Capital Region	721,112	922	663,620	731
Central New York	564,756	779	525,411	565
Finger Lakes	729,501	925	682,252	858
Long Island	1,738,545	4,654	1,545,826	3,472
Mid-Hudson	1,374,039	2,813	1,219,757	2,003
Mohawk Valley	281,065	367	260,064	292
New York City	6,111,131	15,138	5,429,272	14,442
North Country	260,706	314	236,675	171
Southern Tier	374,128	527	346,339	340
Western New York	794,546	1,447	732,359	936
Nan tout Eta a	12,949,529	27,886	11,641,575	23,810

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinyasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan l dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)